

## BAB I

### 1.1 Kasang Tukang

Basa téh mangrupa beungkeutan sora manusa anu dihasilkeun ku pakakas ucapna kalawan puguh éntép-seureuhna (sistematis) jeung ragam (konvénsional) pikeun tujuan campur gaul (komunikasi) antara anggota masarakatna. (Sudaryat: 1995).

Basa téh nya éta parobot pikeun ngedalkeun pikiran jeung perasaan ka nu lian. Atawa beunang ogé disebutkeun basa téh mangrupa alat komunikasi atawa alat pikeun ngahubungkeun antara manusa jeung manusa. Lamun urang teu boga basa, moal bisa campur gaul lantaran teu bisa ngedalkeun eusi haté. Ngaliwatan basa, urang bisa nyaritakeun naon baé. Ku basa, urang bisa ngajarkeun rupa-rupa élmu jeung pangaweruh. Basa téh alat hirup anu pangutama-utamana.

Wujud basa aya tilu rupa, nya éta omongan, peta jeung tulisan. Basa anu diomongkeun disebut basa lisan, ari anu ditulis disebut basa tulisan. Jadi, basa tulisan téh ngawakilan basa lisan. Ari basa peta mah nya éta basa anu dipaké pikeun ngedalkeun eusi haté kalawan ngaliwatan peta atawa paripolah awak.

Contona, nyebut ménta ku nampanan, nyebut embung ku gideug, nyebut enya ku unggeuk.

Di sagigireun éta loba siswa anu nganggap yén ngagunakeun basa Sunda kalawan hadé tur bener téh hésé, lantaran teu dibiasakeun jeung tara

dipraktékkeun. Hal anu utamana, urang kudu ngabogaan kaparigelan ngagunakeun basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Nyarita mangrupa kagiatan anu teu leupas tina kahirupan sapopoé, naha nyarita di hareupeun umum, nyarita ka babaturan, nyarita ka kolot, jsb. Ku kituna, pembelajaran nyarita kacida perluna. Pikeun pembelajaran nyarita diperlukeun téhnik anu luyu, éta téhnik téh dipiharep bisa ngahudang minat jeung kaparigelan nyarita. Salahsahiji tehnik anu bisa dipilih nya éta téhnik sosiodrama.

Unggal téhnik mibanda kaunggulan jeung kahéngkér. Téhnik sosiodrama dina ieu panalungtikan lain ngan ukur ningali tuluy apal keur saharitaeun wungkul, tapi apal ku sabab ngalaman. Ayeuna aya sawangan yén diajar téh sangkan leuwih alus, lamun lingkunganana alamiah nya éta diajar bakal leuwih nerap lamun murid 'ngalaman' lain ngan saukur 'nyaho'.

Karna Yudibrata, (Kongrés Basa Sunda 1988) nyebutkeun yén kahirupan basa Sunda nurutkeun teori Nelson Brooks (1975) lahir sacara filogenetis (lahir sacara turun-tumurun) bareng jeung lahirna manusa Sunda, nya harita kénéh ogé basa Sunda lahir.

Dumasar kana rupa-rupa panalungtikan antropologi, arkéologi, sajarah kuno, jsb. Boh manusa Sunda, boh basa Sunda katut kabudayaanana ditaksir lahirna téh dina mangsa moal kurang leuwih ti ratusan rébu taun anu geus kaliwat.

Dina adeganana atawa jengglénganana, tinangtu waé basa Sunda téh geus mangrupa struktur anu diwangun ku sakurang-kurangna opat unsur nya éta sora, aturan anu ngéntép-seureuh (order), konstruksi wangun, jeung pilihan.

Kumaha pancen basa dina pamekaran mikir para panyatur di masarakat, jeung mana nu leuwih ti heula, aya rupa-rupa teori anu nyusun rumusan-rumusan tata basa, babahuna teori nu jadi dasar pikiran MS nya eta:

1) Tiori Von Humboldt (1838)

Kamampuh mikir para panyatur gumantung kana basana. Sikep hirup panyatur ditangtukeun ku basana. Ceuk Von Humboldt, basa mangrupa sintesis wangun sora 'lautform' jeung wangun pikiran 'ideenform' (Humboldt, 1938: 94). Sora-sora minangka wangun luarna (nu kadenge mun lisan, nu kabaca mun tulisan), sedengkeun pikiran minangka wangun jerna (ayana dina otak). Boh wangun luar (sora) boh wangun jero (pikiran) ngadalikeun manusa jeung cara mikirna. Implikasi tiori nya eta struktur basa Sunda bakal nagwatesanan cara mikir urang Sunda nu jadi panyatur eta basa.

2) Tiori Realivitas Linguistik: Sapir jeung Whorf

Nurutkeun Edward Sapir (1921, 1949: 162) (meh sarua jeung Von Humboldt) kondisi masarakat sabagian gede diwangun ku tabe'at (karakter) basana. Saban basa hiji masarakat geus ngawangun dunya mandiri keur para panyaturna. Hartina, masarakat Sunda téh karakteristikna diwangun ku basa nu di paké ku para panyaturna.

BS minangka palita/padoman realitas sosial. Sing saha nu hayang jadi anggota masarakat Sunda, kudu ngawasa heula basana. Lee Whorf (1952:5) yén basa téh nangtukeun jalan pikiran panyaturna, malah sakapeung mah ngabahayakeun.

3) Tiori kamekaran kognisi: Jean Piaget

Kamekaran kognisi (proses mikir, elmu pangaweruh) bisa kajadian saméméh bisa hiji basa (piaget, 1962, 1969). Gambaran rupaning barang jeung sawangan ngeunaan kaayaan lingkungan katut manipulasina dina otak panyatur basa bisa baé teu merelukeun basa. Struktur pikiran bisa baé diwangun ku aksi atawa kalakuan panyatur lain ku struktur basa.

4) Tiori L.S. Vygotsky

L.S. Vygosty ngangken yén aya tahap kamekaran basa saméméh aya pikiran, jeung aya tahap kamekaran pikiran saméméh aya basa, sarta dina hiji waktu, éta dua tahapan téh patepung nepi ka ngawangun *pikiran berbahasa jeung bahasa berpikiran* (Vygsty, 1962).

5) J.S. Burner (1975) nétélakeun yén basa téh mangrupa alat mikir panyaturna keur mekarkeun jeung nyampurnakeun jalan pikiranana. Hartina, basa bisa mantuan proses mikir jeung ningkatkeun jalan pikiran para panyatur sangkan leuwih sistematis.

Kiwari basa Sunda téh geus henteu asli deui, réa kacampuran ku basa séjén. Ari sababna, urang téh ti baheula geus réa katangan ku bangsa séjén anu rék arusaha di urang atawa rék ngadon nyiar dagangan keur dagangkeuneun deui boh di nagarana boh di nagara séjén.

Ku sabab kitu, karuhun urang ti baheula ogé geus campur gaul jeung rupa-rupa bangsa. Ari ayeuna, komo deui geus merdéka, turug-turug di urang téh loba tempat pariwisata anu aréndah, tangtu baé beuki réa anu daratang ka urang.

Tah, tina asal campur gaul jeung basa deungeun téa lila-lila basa karuhun urang téh kacampuran ku basa deungeun. Ku ayana kamajuan téhnologi, loba pisan kapangaruhan sarta babari kacampuran ku basa séjén.

Ari basa séjén anu nyampuran basa Sunda téa kayaning:

- |                      |                       |
|----------------------|-----------------------|
| 1. basa Sangsekerta; | 6. basa Parsi (Iran); |
| 2. basa Inggris;     | 7. basa Arab;         |
| 3. basa Indonésia;   | 8. basa Walanda;      |
| 4. basa Jawa;        | 9. basa Cina;         |
| 5. basa Kawi;        | 10. basa portugis.    |

Dina seuhseuhanana mah, perkara basa Sunda téh leuwih loba nyoko kana perkara tatakrama basa Sunda. Masalahna méh taya bédana ti baheula tepi ka ayeuna.

Kongrés Basa Sunda di Bogor taun 1988 mutuskeun yén, istilah undak-usuk basa Sunda téh diganti ku istilah tatakrama basa Sunda. Di sagigireun éta, nepi ka danget ieu, istilah undak-usuk basa leuwih dipikawanoh ku masarakat.

Kitu deui babagianana, saperti basa kasar, basa sedeng, basa lemes jeung basa kasar pisan. Sedengkeun dina tatakrama basa Sunda hasil putusan Kongrés Basa Sunda di Bogor mah, ngan ngawengku ragam basa loma jeung ragam basa hormat. Sanajan kitu, ari dina prakprakanana mah, taya bédana jeung istilah anu dipaké dina kamus. Tatakrama basa Sunda nya éta ragam basa (loma jeung hormat) anu ngalarapkeunana disaluyukeun jeung kaayaan panyatur, pamiarsa sarta nu dicaritakeunana pikeun silih ajénan.

Upama nilik kana pangajaran basa Sunda kiwari, tatakrama basa Sunda téh teu diutamakeun lantaran pangajaran basa Sunda dumasar kana kurikulum, boh KBK boh KTSP. Éta kurikulum leuwih nyoko kana opat aspék kabasaan nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Sedengkeun tatakrama basa mah ngan saukur nyelap dina éta aspék, lain mangrupa bahan pangajaran anu utama. Salian ti éta ogé, siswa kurang mikawanoh jeung hésé maham kana tatakrama basa Sunda.

Ku lantaran kitu, bisa jadi guru ngajarkeunana téh sakasampeurna baé sarta waktuna samporét. Éta hal mikabutuh métode anu luyu sarta merenah pikeun ngajarkeunana.

Éta sababna anu nulis ngayakeun panalungtikan métode sosiodrama. Métode sosiodrama nya éta métode ngajarkeun tatakrama basa Sunda anu dipetakeun atawa diragakeun dina rupa-rupa kaayaan atawa situasi.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Unggal masalah anu ditalungtik, tinangtu kudu diwatesanan sangkan éta masalah téh jéntré, babari nalungtikna, henteu jembar teuing jeung teu nyimpang tina widang anu rék ditalungtikna.

Patali jeung kasang tukang masalah, panalungtikan téh baris diwatesanan, nya éta nyoko kana kumaha cara ngajarkeun tatakrama basa Sunda di sakola pikeun siswa SMA Kelas XI ngagunakeun métode sosiodrama.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang anu diébréhkeun di luhur, pasualan anu rék dipedar baris dirumuskeun dina wangun pertanyaan ieu di handap.

1. Kumaha kamampuh ngeunaan tatakrama basa Sunda siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ?
2. Naha éféktif métode sosiodrama téh digunakeun dina pangajaran tatakrama basa Sunda di Kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung?

## **2 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung kasang tukang katut masalahna, tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun:

1. ngadeskripsikeun kamampuh siswa SMA Pasundan 3 Bandung Kelas XI, ngeunaan tatakrama basa Sunda.
2. mikanyaho tingkat efektifitas metode sosiodrama dina pangajaran tatakrama basa Sunda di SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI.

### **1.3`Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta :

#### **1.3.1 Mangpaat Téorétis**

- 1) Pikeun kaperluan panalungtikan anu leuwih teleb keur ka hareupna.
- 2) Pikeun ngawuwuhan téori ngajarkeun basa Sunda.

#### **1.3.2 Mangpaat Praktis**

- 1.3.2.1 Pikeun ngadéskripsikeun kaonjolan jeung kahéngkérana métode sosiodrama dina ngajarkeun tatakrama basa Sunda.
- 1.3.2.2 Ngadéskripsikeun métode anu luyu pikeun ngajarkeun tatakrama basa Sunda.
- 1.3.2.3 Ngadéskripsikeun hasil prosés diajar ngagunakeun métode sosiodrama.

### **1.4 Anggapan Dasar**

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Umumna kasalahan ngagunakeun basa Sunda nya éta dina ngalarapkeun ragam basa hormat, anu sok pahili jeung ragam basa loma atawa henteu merenah dina ngalarapkeunana.



2. Pangajaran ragam basa hormat di sakola, mangrupa bagian tina matéri pangajaran anu ngawengku pangajaran ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.
3. Perluna métode anu cocog pikeun ngajarkeun ragam basa hormat.

### **1.5 Hipotésis**

Hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta métode sosiodrama bakal leuwih éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun basa Sunda ragam basa hormat.

### **1.6 Wangenan Operasional**

Dina prakna panalungtikan, diperlukeun katerangan-katerangan anu jéntré patali jeung obyékna. Éta katerangan téh pangpangna mah museur kana kecap-kecap nu dipaké dina judul panalungtikan, kayaning: métode sosiodrama jeung kamampuh ngagunakeun basa Sunda ragam hormat.

- 1.6.1 Metode mangrupa cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan, umpamana pikeun nguji rangkaian hipotesa, ku cara ngagunakeun tehnik jeung alat-alat nu tangtu.
- 1.6.2 Sosiodrama nya éta salasihiji cara atawa tehnik nepikeun pangajaran ku jalan maké wangun carita anu mangrupa kahirupan sosial kalawan diperankeun ku murid.

Métode sosiodrama nya éta kagiatan diajar-ngajar ngagunakeun wangun paguneman (drama) dina rupa-rupa situasi.

- 1.6.3 Kamampuh (kompetensi), nya éta hal-hal anu bisa di cangking ku siswa.
- 1.6.4 Basa sunda nya éta basa indung urang sunda anu diparake kénéh ku masarakatna, boh di tatar sunda boh luareun tatar sunda.
- 1.6.5 Ragam hormat nya éta basa anu di gunakeun ku urang Sunda pikeun silih ajénan. Ragam hormat dibagi jadi dua nya éta ragam hormat ka sorangan jeung ragam hormat ka batur.

Jadi, Kamampuh ngagunakeun ragam hormat basa Sunda nya éta kamampuh ngaralarapkeun ragam basa anu merenah dina paguneman anu diluyukeun jeung kaayaan anu nyarita, anu diajak nyarita, jeung anu dicaritakeunana dina rupa-rupa situasi.